**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## पर्यटन पूर्वाधार तथा पर्यटन उपज विकास साझेदारी कार्यक्रमके लागत सहभागिता प्रारुप

| मन्त्रालयसँगे साझेदारी करवला निकाय | लगानी करपरवला लागत बजेट (प्रतिशतमे) | साझेदारीमे सञ्चालन होबवला कार्यक्रमके लागत अनुमान रकम |
|---|---|---|
| प्रदेश | ५०% | ३० करोड |
| महानगरपालिका | ५०% | १५ करोड |
| उप-महानगरपालिका | ४०% | १० करोड |
| नगरपालिका | ३५% | ७ करोड |
| गाउँपालिका | ३०% | ५ करोड |

*तुलनात्मक रुपमे न्यून आय भेल, मानव विकास सूचकांकमे ०.५ अंक सँ पाछु रहल जिलाके गाउँपालिका या नगरपालिकाके मन्त्रालय आरो पाँच प्रतिशत रकम बढाक बजेट उपलब्ध कराएब कहने छै । विस्तृत विवरण निचाके लिंकमे देलगेल छै ।*

स्रोत: http://202.45.145.166/Home/DownloadKaryaBidhi

## नेपाल अपडेट



चामुण्डाबिन्द्रासैनी नगरपालिका वडा नं १ स्थित आनन्द माध्यमिक विद्यालयमे विद्यालय सुचारु भेल पहिल दिन सोमदिन अध्यापन कराबैत शिक्षक ।

तस्बिर: चिनबहादुर थामीमगर

**परिक्षण**

पिसिआर परिक्षण: ९,५५,९२३

पोजेटिभ: ६९,३०१

उपचाररत: १८,४३७

मृत्यु : ४५३




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



विदेशमे रहल नेपालीसभके अपन कमाई मोबाईले सँ नेपाल पठाव सकवला व्यवस्था आयल छै, हँ?

वैदेशिक रोजगारीमे रहल नेपालीके मोबाईलेसँ अपन कमाएल पैसा अपन नातागोताके पठाव सकवला व्यवस्था कार्यान्वयनमे आयल छै । नेपाल राष्ट्र बैंकद्वारा मोबाइल मार्फते अपन कमाएल पैसा पठाव सकके व्यवस्था केने छै । एहन अवस्थाके बाद आब पैसा हरायके आ समयमे प्राप्त नै होबवला जेहन समस्या समाधान होबवला छै । केन्द्रीय बैंक मोबाइल बैंकिङ, इन्टरनेट बैंकिङ, इलेक्ट्रोनिक कार्ड आ डिजिटल वालेट मार्फत् रेमिट्यान्स पठाव मिलवला नयाँ व्यवस्था केने छै । विद्यमान व्यवस्था अनुसार विप्रेषण रकम बैंकिङ प्रणाली या विप्रेषण सेवा प्रदायक

स्रोत: https://www.nrb.org.np/contents/uploads/2020/09/Digital-Remittance.2077-06-05.pdf



एक सप्ताह भितर विद्यार्थी भर्ना कलेब पड़त कहिक समाचार आबी रहल छै । अपने पढिरहल विद्यालय सँ दूर बहुते विद्यार्थी छै । हुनकासभके त सम्भव नै छै त ?

बसोबास स्थानान्तरण भेल तथा विद्यालय परिवर्तन करवला विद्यार्थीके अभिभावकके नजिकके विद्यालयमे सम्पर्क कर आ कोनो समस्या भेलापर सम्बन्धित स्थानीय तहके जानकारी कराब कहलगेल छै । तेना स्थानान्तरण भेल विद्यार्थी लगाएत सब विद्यार्थीके पाठ्यपुस्तक पाबवला बातके सुनिश्चितता विद्यालय आ सम्बन्धित स्थानीय तह करतै । ओते भलगेलाके बाद आश्विनके दोसर सप्ताहतक विद्यालयमे भर्ना होब बाँकी आ स्थानान्तरित विद्यार्थीके भर्ना कर कहिक शिक्षा, विज्ञान तथा प्रविधि मन्त्रालय विद्यालय शिक्षा सम्बन्धी आकस्मिक कार्ययोजना, २०७७ जारी केने छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/ZfCx07B



कोरोनाके कारण देखाबैत बहुतोरास रोजगारदाता कम्पनीसभ कर्मचारी कटौती सँगे आब पारिश्रमिक सेहो कम दलरहल छै । एकर अनुगमन

सार्वजनिक सेवा या निजी क्षेत्रके श्रमिक काममे लगाब नेपाल सरकारद्वारा तोकलगेल न्यूनतम पारिश्रमिक आ सेवा सुविधा सँ कम होई तेना कलक विज्ञापन आह्वान नै कर रोजगारदाताके श्रम तथा व्यवसायजन्य विभाग निर्देशन देने छै । एकर कार्यान्वयन भेल नै भेल अनुगमन कर श्रम तथा व्यवसायजन्य विभागके संयोजकत्वमे रोजगारदाता आ ट्रेड युनियन महासंघके तरफ सँ एक/एक कोई प्रतिनिधी राईखक गठन भेल छै ।

स्रोत: https://moless.gov.np/?p=3668#post/0



स्थानीय तहमे बजेट अभावके कारण सिमित बेरोजगारके मात्रे रोजगार पाबके अवस्था छै त ।

संघिय मामिला तथा सामान्य प्रशासन मन्त्रालय सब स्थानीय तहके न्युनतम रोजगारीमे खटवला बेरोजगार व्यक्तिके सूचीके विवरण रोजगार व्यवस्थापन सूचना प्रणाली (EMIS) मे राखके समयावधी २०७७ आश्विन २० गते तकके लेल थप केने छै । एना ओई समयावधी भितर प्राप्त भेल बेरोजगार व्यक्तिके संख्याके आधारमे चालु आ.ब.२०७७/७८ के थप रकम पठायब से मन्त्रालय कहने छै ।

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2108

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करू
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,३१,३५९ संक्रमित | १,०१,२९९ संक्रमित | ६७,०१४ संक्रमित | १,२४,१७५ संक्रमित | ८८,५३२ संक्रमित | ९५,९०७ संक्रमित | १०,५७६ संक्रमित | २३,३४१ संक्रमित |
| १८७५ नेपाली संक्रमित | १६५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २२,५०० नेपाली संक्रमित | २४०० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित |
| ११ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १६ मृत्यु भएका नेपाली | ३० मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |




स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## खाडीके समाचार

- आब दुबई ये जेना सारजाह सेहो पर्यटकके लेल अपन क्षेत्र खुला कैने छै त, सारजाहके भिषा भेलसभके आब एत फिर्ता आबके लेल कोनो स्वीकृती नै लेब पड्त से कहलगेल छै । लेकिन, ९६ घण्टा सँ कमके PCR Negative Report चाहि लगाएतके आरो नियम लेकिन यथावते छै । सारजाह फिर्ता आबपरवला श्रमिकके एयर अरेबिया एयरलाईन्सके सम्पर्क कलक ICA चाहि या नै चाही से बुझिक अपन टिकट लेब सकै छी । नेपालसँ सारजाहके लेल उडान होबवला एकटा मात्रे एयर कम्पनी एयर अरेबिया छै ।





- आब खाडीमे नियमित उडान हेतै से बात हल्ला मात्रे छै । लेकिन, किछ उडानसभ मुदा अखन साउदी अरब आ यूएईके लेल थप कएलगेल आ आरो उडान थप हेतै से जानकारी छै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आहाँ प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साझँमे **UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** हमरासभके लाईभ देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी – खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड – १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# कोरोना जितनिहार ७२ बर्षिय वृद्धाके अनुभव - दिर्घरोग होईतो हडबड़ाएके नै चाही



रुपन्देहीके मणिग्राम रहनिहार ७२ बर्षिया खिमकला नेपाल श्वासप्रश्(वास, हृदय आ चिनीरोगके दिर्घरोगी छथिन । पिछलाबेर भरतपुर क्यान्सर अस्पताल हुनकर गर्भाशयमे क्यान्सर भेल पुष्टि केलक । ३२ बर्षसँ हृदयके दवाई सेबन करहल खिमकलाके क्यान्सर पुष्टि भेलाके बाद ईलाजके लेल त्रिभुवन विश्वविद्यालय शिक्षण अस्पतालमे लगेलै । ओत भर्ना भलक १५/१६ दिन ईलाज करेलखिन । सुगर नै घटलाके कारण हुनकर गर्भाशयके शल्यक्रिया नै होब सकल । शिक्षण अस्पतालके चिकित्सक आ स्वास्थ्यकर्मीसभमे समेत कोरोनाके संक्रमण बढल, सुगर नियन्त्रणमे नै आयला सँ घरे जाळक आराम कर आ अवस्थामे सुधार एलाके बाद शल्यक्रिया करब कहिक चिकित्सक सल्लाह देलक । ओही अनुरुप ऊ काठमाण्डौ मे रहल बेटासंगे घरमे रहली ।

घरमे रहिरहल समय मे हुनका सर्दि, बुखार आ देह रहिरहिक दुखायवला लक्षणसभ देखाय लगलै । तेकरबाद हुनका लगाएत परिवारके आरो सब सदस्यके कारोना परिक्षण केलापर पिसिआ रिपोर्ट पोजेटिभ एलै । हुनकर स्वास्थ्य अवस्थाके बिचार कळक  तुरन्त पाटन अस्पताल लगैलै । परिवारके आरो सदस्यसभ आईसोलेशनमे रहलाह । एकटा बेटी मुदा माँ संगे रहके लेल अस्पताल गेलीह । हृदयरोग, चिनीके बिमारी आ क्यान्सर संगे उमेर बेसी भेलाके कारण कोरोना देखेलाके बाद परिवारके आरो सदस्यसभमे चिन्ता बैढ गेलै । लेकिन, संक्रमित खिमकला हिम्मत नै हारलीह । कोरोनाके कहुना भी जितब कहिक भगवान सँ प्रार्थना केलिह, जप केलिह, देलगेल खायवला चिजके नै नै कहल्खिन । देह रहि रहिक दुखेनाई, सर्दी लगनाई आ सामान्य बुखार लाग बाहेक हुनकामे कोनो जटिल दोसर लक्षणसभ नै देखेलै । ११ दिन पाटन अस्पताल रहलाके बाद कएलगेल पिसिआ परिक्षण रिपोर्ट निगेटिभ एलै । कोरोनाके हरादेलौ कहैत खिमकला खुशी भेलीह । परिवारक सदस्यसभ सेहो प्रफुल्लीत भेल । अस्पताल रहल अवधीमे अपनाके स्वास्थ्यकर्मीसभ फरक व्यवहार नै केने हुनकर अनुभव छै ।

१४ दिन अस्पताल रहिक उ अपन घर मणिग्राम एलीह । कोरोना कहिते देरी मैर जेतै कहिक सुनने खिमकला अखन कोरोना निक होईछै, लगलाके बादो डराय नै परैत छै कहिक अनुभव बाईट रहल छथि । उ दोसरके घरमे त नै जाईत छथि, लेकिन, टोलपडोसके लोकसभ स्वास्थ्यलाभ कळक फिर्ता एलीह कहिक भेट अबैत अछि । हिम्मत नै हारके चाही, हडवडायके नै चाही, ताकत होबवला खायवला चिजसभ खायके चाही, ध्यान, जाप, योग कर परैत छै कहिक आरोके ढाड्स दळरहल छथि ।“हृदय रोगी छी । फुर्तिफार्ति त हमर नै अछि, लेकिन हृदय रोग, चिनीके बिमारी, क्यान्सर जेहन रोग भेलाके बादो कोरोनाके जितल जासकैत अछि तेकर उदाहरण हम छी ।” संक्रमणमुक्त खिमकला कहैत छथि ।

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## डा. रचना नकर्मी

अपरेसन एण्ड क्वालिटी एसोरेन्स् मेनेजर
उपेन्द्र देबकोटा मेमोरियल नेश्नल ईन्स्टीच्युट अफ न्युरोलोजिकल एण्ड अलाईड साईन्स्

"शुरुमे त भाईरस हमरासभके मानसिक रुपमे बेसीए त्रसित बनेलक । तै समयमे हमरासभके नै त एकर सामना केना करब से पता छल, नै त हमसभ एकर तैयारी केने छलौ । अस्पतालमे काम करपर भेलासँ सेवाग्राहीसभ हमेशा सेवा लेब आबैत रहैत छैथ । अखन हमसभ उचित साबधानीके साथ सेवा प्रवाह करमे सक्षम भेल छी । हरेक दिन हमसभ १/२ टा संक्रमित देखतै रहैत छी । से देखला सँ डर लगैय, लेकिन हमसभ अपने डराक कर्तव्य सँ पाछु हट नै मिलतै । हमसभ बिमारके विश्वस्त करके हमेशा प्रयास करैत रहैत छी ।"

## राम बहादुर चन्द

स्वास्थ्य शाखा प्रमुख, नेपालगन्ज उपमहानगरपालिका



"कोरोनाके शुरुवाती दिन सँ अग्रपंक्तीमे रहिक काम करैत रहल हम संक्रमित नै भेल हम, समाज हमरा सहज रुपमे नै लेला सँ आ अपन परिवार संगे रह नै भेटला सँ होबवला पिडा अलगे छै । आई समुदायसँ संक्रमित बनलापर बहुत दुःख लागल अछि । कतेको राईत दिन नै कहिक समुदायके कोरोना सँ बचाबके लेल केने प्रयास आ जनतासँ देखाएल गेल धैयर्ता आई व्यर्थ जाळरहल देखला सँ बहुत दुःख लागल अछि । भारतसँ फिर्ता आएल श्रमिक मे सँ पहिल बेर १८१ कोईके चप्ट परीक्षण केलापर सबके रिपोर्ट निगेटिभ एलै । तेकर बाद हुनकासभके घर पठाओल गेलै । तहि कारणसँ आई कोरोना समुदायमे फैल रहल जेना लगैत अछि ।"



## अदिती शर्मा

ल्याब टेक्निसियन, प्रदेश जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला, रुपन्देही

"आईकाईल्ह संक्रमण बढला संगे दैनिक परीक्षणके नमुना आबके क्रम सेहो बढल छै । पोजेटिभ केस सेहो बढैत गेला सँ परिक्षण सेहो बहुते कर परैछै । लेकिन, परिक्षणके लेल जरुरी परवला किट पर्याप्त नै भेनाई, जनशक्ति कम भेनाई रुपन्देही जेहन गर्म जगहमे पी.पी.ई. संगे ३/४ ओटा पन्जा लगाब परनाई, बेर बेर सेनिटाईजरके प्रयोग कलक काज कर परनाई, अपना संगे काम करवला साथीके संक्रमण देखेलाके बाद हुनकर काज सेहो हमरासभपर थपा जायवला जेहन चूनौतीसभ हमरासभलग छै । मेडिकल क्षेत्रमे काज करब तै उद्देश्य सँ आगु बढलाके कारण कठिनाई सँ पाछु नै हटब तै दृढता सँ आगु बढल छी ।"

सही सूचना

# नेपालमे कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित बेसी भेल जगहसभ

## नेपालके बेसी सकृय संक्रमित बेसी भेल जिलासभ




उपरके ग्राफमे कोभिड - १९ के सकृय संक्रमितके संख्या बेसी भेल नेपालके १० जिलाके प्रस्तुत कएलगेल छै । ई जिलासभमे मात्रे जम्मा सकृय संक्रमितके संख्या देशभैरके कूल सकृय संक्रमित मे सँ तीन चौथाई संख्या रहल छै त कूल संख्याके आधा संख्या काठमाण्डौ उपत्यकाके तीन जिलामे मात्रे रहल छै । काठमाण्डौ जिला लगातार कोभिड - १९ के केन्द्र बिन्दुके रुपमे आगु रहल छै आ ई संख्या दिनानुदिन बैढ् रहल छै । काठमाण्डौ लगाएतके ई जगहसभमे संक्रमणके रफतार देखलासँ नेपाल सरकार आ स्थानीय तहके रोकथामके लेल तत्काल पहल केनाई जरुरी छै । जँ समयमे ध्यान नै देलगेल त, अवस्था भयावह होब सकैत अछि ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219